



Sèvis relasyon kominote pou Depatman Jistis Etazini

Travay ak Kominote LGBTQ yo

Pou Kreye Kominote ki pi an Sekirite, ki pi Anpè

Sèvis relasyon kominote pou Depatman Jistis Etazini a (CRS) ap travay pou anpeche ak adrese krim rayisab kont kominote madivin, masisi, biseksyèl, transjèn ak kokle oswa kesyone kominote (LGBTQ) yo atravè dyalòg ke yo fasilite, fòmasyon, konsiltasyon, ak medyasyon. CRS ofri sèvis pou ede amelyore kominikasyon ak konpreyansyon ant kominote LGBTQ yo, lapolis ak ofisyèl gouvènman yo, pwofesyonèl edikasyon yo, ak lòt manm kominote a ak lidè yo pou amelyore patenarya, sekirite piblik, ak repons pou krim rayisab yo.

CRS travay ak kominote LGBTQ yo gen ladan: ▼

Konvoke reyinyon yo ant kominote LGBTQ yo, ofisyèl lapolis yo, elèv lekòl yo, paran yo, ak lòt moun ki gen enterè aprè swadizan ensidan prejije yo oswa krim rayisab yo

Fòmasyon ofisyèl lapolis yo, premye sekouris yo, ak founisè sèvis yo sou estrateji pou angaje kominote tansjèn la

Fasilite dyalòg yo nan kominote a ak fowòm yo pou eksplòre pwoblèm ki afekte kominote LGBTQ yo

Fòmasyon òganizatè yo pou aktivite LGBTQ sou pi bon pratik pou amelyore sekirite piblik pandan aktivite yo

Pwogram ak Sèvis ▼

Lapolis yo ak fòmasyon Kominote Transjèn nan CRS ofri yon pwogram fòmasyon twazèdtan pou bay ofisyèl lapolis yo, premye sekouris yo, ak lòt founisè sèvis opòtinite pou yo aprann nan men ekspè matyè yo sou pwoblèm ki fè enpak sou kominote transjèn la, osi byen ke pi bon pratik yo, règleman yo, ak estrateji yo pou amelyore patenarya yo ant kominote transjèn ak lapolis yo. Anplis de sa, CRS ofri yon fòmasyon kontrandi sou videyo ki prezante senaryo yo sou entèraksyon ki pi komen ant manm kominote transjèn yo ak ofisyèl lapolis yo pou fasilite entèraksyon youn ak lòt nan respè ak ki pwofesyonèl.

Fasilite Dyalòg yo.

An repons a konfli ak tansyon ki soti nan swadizan krim rayisab ak ensidan patipri yo ki fèt sou kominote LGBTQ yo, CRS konvoke lidè yo nan kominote a, ofisyèl lapolis ak nan vil la, ak lòt moun yo ki gen enterè nan kominote LGBTQ a pou idantifye



pwoblèm yo, amelyore kominikasyon, ak devlope solisyon yo. Dyalòg sa yo pèsonalize pou chak kominote ak sityasyon, ki gen ladan lekòl, katye, ak zòn metwopolitèn.

Ensidan yo ki baze sou patipri ak fowòm Krim Rayisab yo

CRS travay ak òganizasyon ak lidè LGBTQ yo pou fasilite fowòm yo ki konvoke ofisyèl lapolis lokal ak federal yo ak òganizasyon yo ki baze nan kominote a pou pataje apwòch pou konbat ak reponn sou ensidan prejije yo ak krim rayisab yo. Fowòm sa yo fasilite echanj enfòmasyon an ak ranfòse relasyon yo ant moun ki gen enterè yo.

Medyasyon

CRS ofri sèvis medyasyon twazyèm pati, san patipri ak konfidansyèl pou ede kominote LGBTQ yo ak lòt moun yo ki gen enterè nan mitan yon konfli. CRS ede tout pati yo rive jwenn solisyon ke yo dakò youn ak lòt sou yo ki adrese konfli ak tansyon yo ki gen rapò ak ensidan reyèl oswa ensidan prejije kont-LGBTQ ke moun panse ak krim rayisab yo.

Planifikasyon Aktivite Piblik

CRS bay fasilite, planifikasyon enprevi, ak fòmasyon marshal pou aktivite nan òganizasyon LGBTQ yo ki ap planifye aktivite piblik yo, tankou mach fyète yo, manifestasyon yo, oswa rasanbleman yo. Sèvis sa yo ede amelyore sekirite piblik pandan aktivite an.

Sou CRS ▼

Etabli pa Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964 ak elaji pa Matthew Shepard ak James Byrd, Jr., Lwa 2009 sou Prevansyon Krim Rayisab yo, CRS sèvi kòm "moun ki ap mete Lapè nan Amerik" pou kominote ki ap fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonalite, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Sèvis CRS yo vize pou amelyore kapasite kominote lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukont yo ak nan kolaborasyon atravè itilizasyon teknik pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak devlope pi bon kominikasyon.

Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon seri de pwogram nan kominote ki gen tansyon, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilitatè, fòmateur, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki deja egziste ak anpeche konfli nan lavni.

Ki Kote Nou Travay ▼

Katye Jeneral CRS 📍
Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè
Boston, MA

Mitan Wès
Chicago, IL

Nòdès
New York, NY

Sidwès
Dallas, TX

Mitan-Atlantik
Philadelphia, PA

Santral
Kansas City, MO


Sidès
Atlanta, GA

Mòn an wòch
Denver, CO

Wès
Los Angeles, CA

Nòdwès
Seattle, WA

Biwo Teren CRS yo 📍
Miami, FL Houston, TX
Detroit, MI San Francisco, CA



Jwenn nou, konekte ak ▼

nou www.justice.gov/crs

 [facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)

 [@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)

 askcrs@usdoj.gov

 202.305.2935

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa oswa lòt sèvis CRS yo, tanpri kontakte biwo lokal CRS ou a:
<https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices>